**АБАДАН ТУРДЫМУРАТОВА**

# СЕН, МЕН ҲӘМ ҚОСЫҚЛАР...



821.512.121-1/Т98

Книга должна быть
возвращена не позже
указанного здесь срока

Количество предыдущих
Выдан

17.XII.21

5кар
Т98

АБАДАН ТУРДЫМУРАТОВА

# СЕН, МЕН ҲӘМ ҚОСЫҚЛАР...

НӨКИС
«QARAQALPAQSTAN»
2017

УДК: 821.512.121-1
ББК: 5 Қар
Т-98

**Абадан Турдымуратова «Сен, Мен ҳәм қосықлар...»** — *Нөкис:* «Qaraqalpaqstan» баспасы. 2017-жыл, 24 бет.

Қыз кеўлиниң нәзик сезимлерин қосық қатарларында оқыўшыға сулыў сөзлер менен жеткерип бериў ҳәммениң де қолынан келе бермейди. Абадан жаслайынан әдебиятқа қызығып, поэзия майданында көп ўақытлардан берли қәлем тербетип киятырғанлықтан, оның қосықларын оқыған адам қәлеминиң тәўирақ ысылғанлығын сезеди.

**Пикир билдириўши:**

**Ж. Избасқанов** — *Өзбекистан халық шайыры.*

ISBN 978-9943-4879-0-1

© «Qaraqalpaqstan» баспасы, 2017.
© Абадан Турдымуратова 2017.
QARAO'ZEK RAYONI
MA'LIMLEME-KITAPXANA ORAYI

## «Ш»ҒА

Тәңирим мени неге оған ашық еттиң,
Ашық етип, арамызды қашық еттиң!
Дийдарын бир көриў ушын сүйгенимниң,
Барлығынан келер мениң, кешип кетким!

Ашықпан мен, оның қәдем таслаўына,
Жүрек жутып, бара алмайман қасларына,
Жүзлеринен, көзлеринен, шашларынан,
Самал болып, келер мениң желпип өтким!

Жолларында паяндозы болайын мен,
Тозаң болып, соқпағында қалайын мен,
Жүзлерине, көзлерине қонайын мен,
Таңирим мени самалларға шашып кеткил!

Кеўилимниң аспанында сүйген сезим,
Сүйип қалып сол менменди күйген өзим,
Қоллаўшы да, жарылқаўшы жалғыз өзиң,
Тәңирим енди, оны маған ашық еткил!

*2016-жыл*

## МУҲАББАТ ИЛАҲИЙ КҮШ

Муҳаббат илаҳий күш!
Қызғаныш семсер-қылыш,
Күн келип, сенде үнсиз,
Яр мени ойлағайсаң!

Көз жасым, қосық болып,
Жолыңа тосық болып,
Сен маған ашық болып,
Изимнен қалмағайсаң!

Менменлик заўалы бар,
Ҳәр истиң сауалы бар,
Ышқымның обалы бар,
Сен оны аңлағайсаң!

Бир күни билгейсең сен,
Кеўилиңди тилгеймен мен,
Түсиңе киргеймен мен.
Уйқыңды урлағайман!

*2016-жыл*

## СЕНСИЗЛИКТЕ

Күнлер өтер, атар таңлар,
Жүрек жасар үнсизликте,
Мениң жаным азапланар,
Сенсизликте, сенсизликте!

Бултлар көктен көшер бир күн,
Бәрин ўақыт шешер бир күн,
Сеннен кеўилим кешер бир күн,
Үнсизликте, үнсизликте!

Асықпа күн келер ярым,
Тәңирим көрип турғой бәрин,
Не кешеди еле ҳалың,
Менсизликте, менсизликте!



Шүкир айттым бул күниме,
Налымайман тәғдириме!
Мәни кирмес өмириме,
Сенсизликте, сенсизликте!

*2016-жыл*

## КЕШИП БАРАТЫРМАН...

*Ойыма тең емес ой менен*
*Бойыма тең емес бой менен!*
*Қой кеўилим, қой, қой менен,*
*Өтип баратырман!*

***М.Жуманазарова***

Ўаз кешип кете алмай, сезимнен,
Жүриппен шыға алмай сөзимнен,
Кеше алмай жүрмен-аў өзиңнен,
Өтип баратырман...

Қарайман оңыма, солыма,
Өкиниш төселген жолыма,
Ышқымның обалы мойныңа,
Кешип баратырман...

Жүргеним басыма тең көрип,
Жанымды бергеним тең бөлип,
Күн күннен баратпан мен солып,
Солып баратырман...

Үстимнен муздай суў қуйғандай,
Тосаттан найзағай урғандай,

Жүрегимди жулып алғандай,
Кетип баратырман...

*2016-жыл*

## ҮЗИЛИП ТҮСКЕН АЛМАДАЙ...

*Үзилип түскен алмадай,*
*Үзилип көңил қалғаны-ай,*
*М.Мақатаев*

Үзилип түскен алмадай,
Меннен кеўилиң қалмағай,
Суўытса ўақыт араны,
Муҳаббат емлер жараны...

Кешсең сен меннен, билесең,
Ышқысыз өмир сүресең,
Түсиңе енип мың рет,
Изимде мың жыл жүресең...

Үзилип түскен алмадай,
Сеннен кеўилим қалмағай,
Сағынып саған жаздым хат,
Басқа илажым қалмады-ай!

*2016-жыл сентябрь*

## ҚЫЗ ЖУЎАБЫ

Билмедим яр сенин мәргияң барма,
Колларым жумыста, қыялым ярда,
Сүйсем өлтирерлер, сүймесем өлер,
Айна менен мениң тәғдирим бирдей!



Бәлки тәғдиримдур, жазмышым солай,
Көзимде жасларым қалмады жылай,
Өмирдиң шәртине көнген, бул жүрек,
Ярының шәртине көнбесин қалай!

Үнсизлик достымдур, әўел ақырдан,
Батылым жетпейди мен бир пақырман,
Сүйиўге ҳақым жоқ, сүйген ярымды,
Сезимди жүрекке көмип атырман!

Өмирдиң шәртине, ярдың шәртине,
Тәғдир ойынына көнип атырман,
Лаўлап бир жанбады, бийшара сезим,
Жанып болған шамдай, сөнип атырман!

*2016-жыл*

## СЕНИҢ ЫШҚЫҢ....

Жүрегимди алған жаўлап,
Сениң ышқың, сениң ышқың,
Көрсем сени, кетер лаўлап,
Мениң ышқым, мениң ышқым!

Ынтықтырған қандай сезим,
Сен тәрепке келер ушқым,
Сениң сөзиң, сениң өзиң,
Жаным сени келер қушқым!

Дәрўиш қиби безип кетер,
Бәринен қол үзип кетер,
Көзлеримде жүзип кетер,
Сениң ышқың, сениң ышқың!

Бәлентлерде қолым жетпес,
Мен кешсемде кеўил кешпес,
Өшер бәри, мәңги өшпес,
Мениң ышқым, мениң ышқым!

*2016-жыл декабрь*

## МЕН ОҒАН ИСЕНДИМ

Мен оған исендим, бос қыял бәлким,
Өмирди өзинше түсинер хәрким,
Фархадтың Шийрини, Ләйлиниң руўхы,
Бул өмирде бәри болыўы мүмкин!

Әсирлер өтсе де, өшпейди олар,
Зыяратлап барсам кеўилим толар,
Маған бәлки қосық жаз деп түрткилер,
Назлымхан сулыўдың әрўағы болар!

Мен оған исендим, болады ондай!
Мухаббат кеўлимде, атады таңдай,
Он сегиз жасымда қәйтип исенсем,
Отыз алтыда да, кеўилим сондай!

*2016-жыл*

## ҚАРЛЫҒАШЫМ

Қарлығашым келдиңбе,
Алысларда жүрдиңбе,
Айланарсаң үйимди,
Уяңды сен, көрдиңбе?

Карлығашым, жыл-қусым,
Сағындыңба, байғусым,



Таныдым, менде сени,
Өзгермепти, түр-түсиң.

Қарлығашым, келеғой,
Дәрўазамнан киреғой,
Ушып, қонып, үйимде,
Несийбеңди тереғой!

Қарлығаш — дослық кусы!
Мийримлилик үлгиси,
Уя салса, үйиңе,
Жақсылықтың белгиси!

Дәўлет — дейди, келгени,
Бизге кеўил бөлгени,
Инсаныйлық — деймиз аў,
Қус болса да, билгени!

## 8-МАРТТА ЖАЗЫЛҒАН ҚОСЫҚ

Қостарым бүгин бир, өзгеше байрам,
Жүреклер ентигер, бир шийрин ойдан,
Жаўдырап келдиңиз қолында саўғаң,
Қымбат әтир суўды, алдыңыз қайдан?

Шырайлы сөзлерге болмаңыз хайран,
Шийрин тәшўишимсиз, сиз мениң ғаўғам,
Сизди ушыратқаным, сизди сүйгеним,
Тәғдиримде алған бахалы саўғам!

Гейде мақтасаңыз, гейде жықсаңыз,
Гейде тыңламайсыз, гейде уқсаңыз,

Бәрибир қостарым саўғадур маған,
Есиктен жөтелип кирип шықсаңыз!

Шийрин тағамлардан сыйлайын сизге,
Шайыр қолым қурбан әйлейин сизге,
Кийимиңди жуўып берейин ярым,
Қымбат әтирлерден абзалдур бизге!

*7.03.2017-жыл*

## СҮЙМЕГЕНГЕ КЕЎИЛ БЕРСЕҢ...

Муҳаббаттың қусы ушар,
Келип қонар уясы жоқ,
Жүрегимде бир сезим бар,
Саясы жоқ, саясы жоқ!

Қарақларым қарап өтер,
Кирпиклерим тарап өтер,
Қәўметиңе жаным қурбан,
Сүйсиндирер, мени бетер!

Шайыр тилим оны көрсе,
Сақаў яңлы, зибаны жоқ,
Сүймегенге кеўил берсең,
Өзиң жанып өтерсең тек!

## ТАКАББЫР ЯРҒА...

Сөзиң ништер, өзиң азап,
Өмиримди еттиң дозақ.
Қашқым келер, сеннен узақ,
Бирақ алыс кетерим жоқ!



Азарың бар, безерим жоқ,
Мениң оны, сезерим жоқ.
Жүрегиме бассаңда шоқ,
Сеннен үмит үзерим жоқ!

Түнлер қыял гезсем тағы,
Көз жасыма жүзсемдағы.
Жаннан үмит үзсемдағы,
Сеннен үмит үзерим жоқ!

Әй такаббыр, не ойың бар!?
Ойыныңнан болдым бийзар.
Жумбақларың бизди қыйнар,
Шешими жоқ, шешими жоқ!

*19.06.2017-жыл*

## НӨКИС — АҚТАЎ АРАСЫ...

Алыс Ақтаў қаласы,
Жақын кеўил арасы.
Жолда кетип баратыр,
Нөкистиң бир баласы!

Бос емеспе қоллары,
Узын шығар жоллары,
Гүлзар шығар бойлары,
Нөкис — Ақтаў арасы!

Нөкис ҳүўлеп қалғандай,
Ақыл-ҳүўшым алғандай,
Жанды отқа салғандай,
Нөкис — Ақтаў арасы!

Кеўил қыйлы-қал болды,
Интизарлық яр болды.
Оймақтанда тар болды,
Нөкис — Ақтаў арасы!

Илҳам айтар қыспа деп,
Жаздыр усы туста дер.
Кирпигимнен қысқа дер,
Нөкис — Ақтаў арасы!

Бир нарсени билемен,
Қосығыма илемен.
Жолға қарап жүремен,
Нөкис — Ақтаў арасы!

*26.12.2016-жыл*

## ДИЙЎАНА МУҲАББАТ

Ҳәр ақшам бир делбе сезимлер,
Дийўана ышқымды жетелеп,
Сағынған самалдай өзиңди,
Асығар сен тәреп, сен тәреп.

Тәшўишли дүньядан шығынып,
Көзлериңде сениң қалмақшы.
Босағаңда сениң жығылып,
Ең соңғы нәпесин алмақшы...

Ҳәр ақшам уйқымды урлаған,
Дийўана муҳаббат, дийўана.
Ғәрийби кеўлине сыймаған,
Бийгана муҳаббат, бийгана...



## СЫНАЎЫДУР ҚУДАНЫҢ...

Өзге әлем жулдызы,
Өзге әлем инсаны.
Кеўлим кеше күндизи,
Күтер оны пинҳамы.

Өзге қайық ескекте,
Алыс-алыс кетсекте,
Дусласпайық десекте,
Жолымыз бир мудамы.

Жүреклерди, төзимди,
Сынаўыдур Қуданың!
Көрген сайын өзинди,
Көргим келер мудамы.

## АЙРАЛЫҚТЫҢ СААТЛАРЫ

Айралықтың саатлары,
Тилине тас байланған.
Сенсиз ҳәр дем, ҳәр бир мәўрит.
Әсирлерге айланған.

Айралықтың саатлары,
Ада болмас азаплар.
Күним өтпес, атпас таңым,
Кетсең меннен узақлап!

## МЕН СЕННЕН КЕТЕМЕН...

Мен сеннен кетемен алыслап,
Сен таўып баралмас жағысқа.
Кеўилимди қыйнаса налышлар,
Мен сеннен кетемен алыслап...

Қосылып тырналар кейнине,
Кетемен әрманлар елине.
Қол силтеп, бәрине, бәрине,
Мен сеннен кетемен алыслап...

Келсең де сағынып, сағынып,
Әкелсе толқынлар ағызып,
Бәрибир тәғдирге бағынып,
Мен сеннен кетемен алыслап...

## ШЫН МУҲАББАТ ДУЎАДАЙ...

Шын муҳаббат дуўадай...
Жүрегиңнен урады-ай.
Ақылыңды лал етер,
Бул көзлери қуралай.

Шын муҳаббат дуўадай...
Ынтық кеўил табады ай,
Сүйгенимниң сөзлери,
Зарүр маған ҳаўадай.

Шын муҳаббат дуўадай...
Излеринен қуўады-ай,
Күнлер келип оғанда,
Мениң күним туўады ай...

Шын муҳаббат болады ай...

## КӨЗДЕН ЖЫРАҚ, КЕЎИЛДЕН ДЕ!

Бир сәўер яр ақылым алып,
Қойды мени дәртке салып.
Кетер болдым, мен ылағып,
Көзден жырақ, кеўилден де!



Суўыў қыйын, сүйиў демде,
Ышқыңызда биз бир делбе!
Сүймесеңиз кеттим енди,
Көзден жырақ, кеўилден де!

Күнлер келип, умытарман,
Мен өзимди суўытарман.
Болың енди бизге -әрман,
Көзден жырақ, кеўилден де!

Азаптаман! Жүрек туўлар!
Сенлик ышқым мени қыйнар.
Кетсең мейли — такаббыр яр!
Көзден жырақ, кеўилден де!

*4.06.2017-жыл*

## МУҲАББАТ СЕННЕН АЙЫРДЫ...

Аўырар жаным, аўырды,
Жылаўға себеп таўылды.
Көп қуўандымба тәғдирим,
Муҳаббат сеннен айырды...

Титирер ләбим, көзде жас,
Сүйген яр оны аңламас.
Қосығым енди жаңламас,
Эҳҳ. Сезим бизди майырдың...

Зухрасы едим, Тайырдың,
Жолында мендей сайыл ким!?
Бир сөзимди деп, бул сезим,
Өзиңди меннен айырды...

*4.06.2017-жыл*

## АҚ АТЛЫ ШАҲЗАДАМ...

Түн уйқымды урлаған,
Жүрегимди тырнаған.
Әрманыма уқсаған,
Эҳҳ.Ким екенсең сен маған!?

Ақшам айға қосылып,
Жүзлеринди жасырып,
Түслериме киресең,
Шынт уйқымды ысырып...

Уйқылай алмай мен пақыр,
Жүрегим жанып атыр.
Ай нурында ақ атлы,
Бир шаҳзада киятыр...

*25.05.2017-жыл*

## МЕН ЕНДИ СҮЙИЎГЕ ҚОРҚАМАН...

Муҳаббат келдиме қайтадан,
Сизди мен ҳәр демде жойтаман.
Жасымыз келгенде ортаға.
Мен енди сүйиўге қорқаман...

Кеўилди қойсамда қулпырып,
Отырман сүўретке телмирип.
Уйқымнан ояндым ҳәўлирип,
Мен енди сүйиўге қорқаман...

Дәртимди айтаман суўларға,
Сезимлер бойсынбай туўларма?!



Бармайын, қой, ондай ойларға,
Мен енди сүйиўге қорқаман...

Бир қәдем таслайман, қайтаман,
Кеўилиме тәселле айтаман.
Өмирге келмесем қайтадан,
Мен енди сүйиўге қорқаман...

*20.06.2017-жыл*

## ӘРМАНЛАРЫМ ҚОЛ БЫЛҒАР...

Бул дүньяға келип мен,
Өмир сүрип жүриппен.
Соқпақларым ой-бәлент,
Сүрниктирер неликтен.

Барар жолым қыяқлы,
Гөзлеп едим узақты.
Сүрникпейин десем де,
Сүрниктирген сыяқлы.

Бул өмирде излеген,
Мақсетим көп гизнеген.
Әрманларым қол былғар,
Еле гүдер үзбеген...

## ДҮНЬЯ

Эҳҳ. Буншалар тар екен дүнья,
Жипек арқан дар екен дүнья,
Шашларыма биймәўрит қонған
Гүмис рең қар екен дүнья.

QARAO'ZEK RAYONI
MA'LIMLEME-KITAPXANA ORAY
INV №2010/7-2003

Тәшўйишлери таў екен дүнья,
Таўдай-таўдай даў екен дүнья.
Жалған сөзлер, ялғаншы көзлер,
Аяғыма ғаў екен дүнья.

Кимлергедур кең екен дүнья,
Кимге етек жең екен дүнья.
Кенары кең дәрьяға сыймай,
Теңселискен сең екен дүнья.

## ШАЙЫР ДЕМЕ...

Аспандағы жулдызым,
Айым депсең, сен мени,
Дүньядағы жалғызым,
Ярым депсең, сен мени.

Лекин, неге енди ол,
Шайыр депсең сен мени.
Муҳаббаттың жолында,
Сайыл депсең сен мени.

Шайырлығым сен ушын,
Сайыл едим, сен ушын.
Сен ким болсаң да ярым,
Қайыл едим сен ушын.

Деме ярым, сыртымнан,
Ортамызда тосық бар!
Муҳаббаттың жолында,
Тосық болмас қосықлар!

Кешеги ҳәм бүгинги,
Айтылажақ сөзимсең!



Шайыр еткен сезимниң,
Айыпкери өзиңсең!

## ӨКИНИШ

Өткен иске өкинбе деген,
Қайта келмес өкинген менен.
Пушайманлар жанымды жейди,
Басылмайды өкирген менен...

Өкинемен жаслық дәўирим,
Жүректеги отлы ҳәўирим.
Бир бийопа яр деп кешкеним,
Күнлеримниң тәўир-тәўирин...

Арзымайды ойласам енди,
Кирпик қақпай атқардым түнди.
Бийопаның жалған сөзлери,
Мен Ләйлини алдап-ақ жеңди...

Тәңирим берген бәрине шүкир!
Ҳәр бир өткен күниме шүкир!
Пәнт жегеннен болайын мен-ақ,
Пәнт бере алмас жаныма шүкир!

## ШОМАНАЙДА ҚАЛҒАН ЯР!

Муҳаббатта әрман бар,
Әрман болып қалған бар.
Жүрегимде яд болып,
Шоманайда қалған яр!

Муҳаббатқа жеткен бар,
Жете алмай кеткен бар.

Шоманайлы сол ярға,
Айталмаған, өкпем бар.

Шоманайда бәри бар,
Кеўилимниң тары бар!
Шоманайда қыялым,
Шайыр қыздың яры бар!

## МЕНИҢ МУҲАББАТЫМ...

Сени сүйиў бәлки мениң жазмышыма жазылған,
Исмиң бәлки алақандай жүрегиме сызылған.
Ышқым мениң қалмас бәлки дәстан болып тарийхта,
Музейлерде турмас бәлки естеликтей қазылған.

Тажмаҳалдай болмаса да сениң ушын салынған.
Бирақ мениң муҳаббатым күшли отлы-жалыннан.
Руўхым сени бир көриўге периштеге жалынған,
Ўақты келип тәрк әйлесе, тәнимди бул шыбын жан.

## ҚАЙҒЫҒА САЛАСАҢ...

Қыяллар шашырап жан-жаққа,
Дегбирден сасып мен қаламан.
Сағынсам мен сени гей ўақта,
Сен мени қайғыға саласаң...

Көзимди қуўантып көргенде,
Жүректи хәўлиртип аласаң.
Ойларым тек сенде, тек сенде,
Сен мени дәртлерге саласаң...

Бойсынбас қыяллар өзиме,
Көринбес ҳеш нәрсе көзиме.



Дилгирмен бир аўыз сөзиңе,
Сен мени қайғыға саласаң...

Сүйиўден тозғыған сезимлер,
Телмирип қараған изиңнен.
Не өтсе барлығы өзимнен,
Сен мени қайғыға саласаң...

## ҚАНДАЙ КЕМЕ КҮТТИМ

Қандай кеме күттим қызыл желкенбе,
Бүгин келермекен, бәлким ертеңбе.
Бәлким ол тусымнан өтип кеткенбе,
Гейде сол шығар деп ойлайман сени...

Сүйсем жаннан артық сени сүйдим мен,
Ышқы азабына күйсем, күйдим мен.
Дүньяның тәшўишин бастан үйдиң сен,
Шийрин азабым деп ойлайман сени...

Сени де мени де бул ҳалға салған,
Бул бир ертек енди өтмиште қалған,
Муҳаббат дегени турысы жалған,
Кеўил түпкирине жайлайман сени..

Күнлер келип умыт болады десем,
Гейде түслеримде ойлайман сени...

## МАЗМУНЫ


«Ш»ға ........ 3
Муҳаббат илаҳий күш ........ 3
Сенсизликте ........ 4
Кешип баратырман ........ 5
Үзилип түскен алмадай ........ 6
Қыз жуўабы ........ 6
Сениң ышқың ........ 7
Мен оған исендим ........ 8
Қарлығашым ........ 8
8-мартта жазылған қосық ........ 9
Сүймегенге кеўил берсең ........ 10
Такаббырларға ........ 10
Нөкис-Ақтаў арасы ........ 11
Дийўана муҳаббат ........ 12
Сынаўдүр қуданың ........ 13
Айралықтың саатлары ........ 13
Мен сеннен кетемен ........ 13
Шын муҳаббат дуўадай ........ 14
Көзден жырақ, кеўилден де! ........ 14
Муҳаббат сеннен айырды ........ 15
Ақ атлы шаҳзадам ........ 16
Мен енди сүйиўге қорқаман ........ 16
Әрманларым қол былғар ........ 17
Дүнья ........ 17
Шайыр деме ........ 18
Өкиниш ........ 19
Шоманайда қалған яр! ........ 19
Мениң муҳаббатым ........ 20
Қайғыға саласаң ........ 20
Қандай кеме күттим ........ 21




**АБАДАН ТУРДЫМУРАТОВА**

# СЕН, МЕН ҲӘМ ҚОСЫҚЛАР...


*Қарақалпақ тилинде*
*«Qaraqalpaqstan» баспасы*
*Нөкис — 2017*

Редакторы *Гүлистан Пирназарова*
Операторы *Нәўбәҳәр Якубова*

Оригинал-макеттен басыўға руқсат етилген ўақты 31.07.2017
Қағаз форматы $60x84^{1}/_{16}$. Офсет усылында басылды.
Гарнитурасы — «Times». Көлеми 1,5 б/т., 1,30 шәртли б/т., 1,2 есап б/т.
Жәми 300 нусқада. Баҳасы шәртнама бойынша. Буйыртпа №43.

**Лицензия Al №114.**

«Qaraqalpaqstan» баспасы: 230100,
Нөкис қаласы, Қарақалпақстан көшеси, 9

«Qaraqalpaqstan» баспасында басылды